



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA**

***Gouvènè a Pibliye 'Long Island Mete Mask' avèk manm sal kontwòl reouvèti Long Island lan***

***Pasyan ICU yo bese a 127 — Nouvo bès depi 16 mas***

***Ospitalizasyon yo bese nan 535 — Nouvo bès depi 17 mas***

***0.88 pousan tès yo te fè yè pou COVID-19 yo te pozitif***

***2 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

***SLA a ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a obsève vyolasyon nan Egzijans Eta a nan 19 etablisman***

***Li konfime 476 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 421,336; gen nouvo ka nan 36 Konte***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwèn done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Gouvènè a te pibliye tou yon nouvo Anons Sèvis Piblik jodi a, ki fèt pou Moun Long Island epi pa moun Long Island, ki raple vwazen yo pou mete yon mask epi ede sispans pwopagasyon kowonaviris la. Piblisite a prezante manm Sal Kontwòl Long Island pou Eta a, ki genyen ladan yo Kad Egzekitif Konte Nassau, Laura Curran, Kad Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, Prezidan Federasyon Travay Long Island, John Durso, Direktè Rejyonal NAACP Long Island, Tracey Edwards, ak Prezidan Asosyasyon Long Island, Kevin Law. Eta New York ap fè patenarya ak Altice pou difize PSA a a nan Long Island. Ou ka wè PSA a [isit la](#).

"Chif nou yo reflète travay chak moun nan eta sa, e kantite pasyan ICU ak ospitalizasyon yo te atenn nouvo nivo ki ba ankò. Sa ekstraòdinè pliske sa fè kèk mwa sèlman," **Gouvènè Cuomo te deklare**. "N ap goumen nan de bò pou pwoteje pwogrè nou: N ap goumen kont ogmantasyon ka yo nan peyi a e n ap goumen kont mank

konfòmite nan pwòp eta nou an. Byenke pifò etablisman yo soumèt yo, se kèk ki pa soumèt yo ki poze yon menas kont pwogrè nou. Se yon pwoblèm aplikasyon, se pa yon pwoblèm enfòmasyon. Mwen bezwen pou gouvènman lokal ak depatman polis lokal yo enpoze yo - se osi senp ke sa."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 770 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 19 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 7
- **Brooklyn** - 1
- **Manhattan** - 2
- **Queens** - 3
- **Suffolk** - 6

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 535 (-13)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 48
- **Lopital Konte yo** - 29
- **Kantite ICU** - 127 (-4)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 62 (-4)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 73,736 (+47)
- **Kantite Lanmò** - 2
- **Kantite Lanmò Total** - 25,204

Sou 54,002 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 476, oswa 0.88 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>REJYON</b>	<b>VANDREDI</b>	<b>SAMDI</b>	<b>DIMANCH</b>
Capital Region	0.9%	0.8%	0.8%
Central New York	0.8%	0.7%	0.6%
Finger Lakes	0.8%	0.9%	0.7%
Long Island	0.9%	0.6%	1.2%
Mid-Hudson	0.7%	0.6%	0.9%
Mohawk Valley	0.9%	0.5%	0.5%
New York City	1.1%	0.9%	0.9%
North Country	0.2%	0.2%	0.2%
Southern Tier	1.2%	0.3%	0.4%
Western New York	1.7%	1.6%	0.8%

Gouvènè a te konfime tou 476 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 421,336 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 421,336 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	2,600	5
Allegany	80	1
Broome	1,131	5
Cattaraugus	166	1
Cayuga	152	0
Chautauqua	257	4
Chemung	172	1
Chenango	216	0
Clinton	128	1
Columbia	541	1
Cortland	95	0
Delaware	105	0
Dutchess	4,613	6
Erie	8,918	14
Essex	55	0
Franklin	54	0
Fulton	297	1
Genesee	277	0
Greene	293	1
Hamilton	8	0
Herkimer	274	0
Jefferson	142	0
Lewis	41	0
Livingston	176	0
Madison	412	0
Monroe	4,976	20
Montgomery	177	1
Nassau	43,690	35
Niagara	1,500	2
NYC	228,069	237
Oneida	2,150	4
Onondaga	3,585	9
Ontario	361	1
Orange	11,168	9
Orleans	298	0
Oswego	253	0
Otsego	116	0

Putnam	1,449	0
Rensselaer	766	1
Rockland	13,949	7
Saratoga	760	3
Schenectady	1,060	2
Schoharie	69	0
Schuyler	22	0
Seneca	90	1
St. Lawrence	263	0
Steuben	298	0
Suffolk	43,844	58
Sullivan	1,489	0
Tioga	193	0
Tompkins	234	0
Ulster	2,072	10
Warren	312	4
Washington	260	1
Wayne	252	2
Westchester	36,233	28
Wyoming	118	0
Yates	57	0

Yè, te gen 2 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,204. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

<b>Ka lanmò yo dapre konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo ka lanmò yo</b>
Manhattan	1
Rensselaer	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)